



Pou Piblikasyon Imedya: 16/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE \$500,000 KE YO RANBOUSE BAY TRAVAYÈ KI TE ANPLWAYE ANVAN PA CLIMAX MANUFACTURING

Ankèt Eta yo te Abouti a Travayè yo Ki Ap Resevwa Ranbousman Konplè pou Vakans Ki Pa Peye, Konje, Peman Asirans Lavi ak Medikal yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke \$500,000 nan salè ak avantaj ki pa peye yo te ranbouse bay ansyen anplwaye Climax Manufacturing Corporation yo ki fèmen nan Lowville. 158 travayè, ki se manm United Steelworkers Union Local 1888, yo te resevwa chèk ki ap kouvri salè ki pa peye yo, peman vakans ak konje yo, menm jan ak reklamasyon medikal ki pa peye yo ak asirans lavi, apre Climax Manufacturing te fèmen an Avril 2016 san notifikasyon alavans.

“New York gen yon politik zewo tolerans pou sila yo ki pa akonpli obligasyon yo, eksplwate mendèv yo, epi pa rive peye yo sa ke yo dwe yo,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Administrasyon an pral kontinye atantif kont eksplwatasyon travayè sou nenpòt fòm, epi li pral fè tout sa ki nan pouvwa li pou kapab asire ke yo jwenn yon peman yon jou ki jis pou travay yon jou ki jis.”

Apre fèmti Climax Manufacturing, Depatman Travay Eta a (State Department of Labor, DOL) te kòmanse mennen yon ankèt ki te santre sou lajan ke yo dwe travayè yo, epi yo te etabli ke konpayi an te koupab, epi ke travayè yo pral resevwa tout sa ke yo te dwe yo.

Pandan ke Divizyon Pwoteksyon Travayè DOL (DOL’s Worker Protection Division) te mennen ankèt sou biznis lan, ekip Repons Rapid depatman an te deplwaye pou asiste anplwaye yo pandan moman tranzisyon yo an. Ekip Repons Rapid yo te deplwaye lè lisansiman yo te rive, nan bay oryantasyon a anplwaye ki afekte yo ak tout seri sèvis gratis ke Depatman an ofri, ki enkli referans anplwa yo, rekritman pèsonalize yo, asistans devlopman karyè, resous ak asistans kominote yo, epi, lè sa nesesè, asistans nan aplikasyon pou avantaj Asirans Chomaj yo.

An Septanm 2016, Depatman Travay Eta New York lan te anonse jiska \$125,000 nan finansman fòmasyon adisyonèl pou travayè yo ki te sibi enpak fèmti Climax Manufacturing lan. Jiska an Janvyè 2017, Depatman Travay Eta New York te asiste nan jwenn travay pou 115 ansyen anplwaye Climax Manufacturing, epi kontinye asiste

ansyen anplwaye Climax yo ki toujou nan nesesite.

Roberta Reardon, ki se Komisè Depatman Travay Eta New York, te deklare, “Kite desizyon konsiderab sa sèvi kòm yon egzanp pou nenpòt konpayi atravè eta a ki ap chèche eksplwate travayè yo. Twò souvan, lè yon konpayi fèmen, yo dwe anplwaye yo salè epi yo kite yo ap ranpe pou chèche travay. Mwen remèsye ekip Repons Rapid ak Pwoteksyon Travayè Depatman Travay yo poutèt travay dilijan yo atravè pwosesis difisil sa.”

Senatè Joseph A. Griffo te deklare, “Fènti Climax lan te yon revè twoublan pou kominote yo ki nan Konte Lewis, yon eksplozyon devastatris pou anplwaye lwayal epi ki ap travay di yo ki te dedike tèt yo nan reysisit konpayi an. Retablisman sa se yon viktwa enpòtan pou ansyen anplwaye Climax yo, epi mwen remèsye Gouvènè a ansanm ak Depatman Travay la poutèt yo poze aksyon nan non travayè sa yo pou kapab asire ke yo te resevwa sa ke yo te dwe yo. Pa genyen eskiz pou maltrete travayè yo, epi mwen espere ke enstans sa ap voye yon mesaj klè. Se yon gwo nouvèl ke travayè sa yo te resevwa konpansasyon ke yo dwe yo de dwa, epi mwen kontan dèske resous eta yo atravè Depatman Travay la yo te kapab asiste anpil nan moun sa yo pou jwenn nouvèl opòtinite anplwa yo.”

Ken Blankenbush, ki se Manm Asanble, te deklare, “Mwen kontan pou mwen wè kèk jistis nan sistiyasyon tèrib sa epi mwen apresye jefò Biwo Gouvènè a ak Depatman Travay la nan dosye sa.”

Michael Tabolt, ki se Prezidan Komite Lejislatè Konte Lewis, te deklare, “Gras a Gouvènè Cuomo, ansyen anplwaye Climax Manufacturing lan yo te finalman resevwa pati jis pa yo pou sa ke yo te dwe yo. Viktwa sa pral ede moun sa yo ansanm ak fanmi yo kontinye retounen leve kanpe sou pye yo apre ke yo te pèdi travay yo sanzatann ane pase, epi mwen remèsye Gouvènè a ansanm ak Depatman Travay la poutèt dilijans yo nan asire ke yo te sèvi lajistis.”

Pou kapab enfòme plis sou Divizyon Estanda Travay yo nan Depatman Travay la (Department of Labor’s Division of Labor Standards), tanpri klike [isit la](#).

Pou kapab enfòme plis sou Ekip Repons Rapid Depatman Travay la (Department of Labor’s Rapid Response Team), tanpri vizite [lyen sa](#).

###